



ENSTRIKSYON SOU FASON POU PRAN TÈS LA

Fòk ou fè egzakteman sa yo diw fè a pou ou ka jwenn yon bon rezulta. Piga ou manje oubyen bwè anyen 15 minit anvan tès la, oubyen pa mete anyen pou ou lave bouch ou pou 30 minit anvan ou komanse fè tès la.

ATANSYON: Si ou sou tretman pou VIH (ARV) ou ka jwenn yon fo rezulta.

CREOLE



GADE ENSTRIKSYON YO

www.oraquickhivselftest.com

ORAQUICK®
HIV SELF-TEST

KIJAN POU OU SEVI AK TES LA



WAP BEZWEN YON BAGAY POU OU KONNEN KONBYEN TAN OU FE SOU TES LA



Sak la gen ladan: kit tès la, kad pou kenbe tès la, ak enstriksyon sou fason pou pran tès la.



Ti bwat tès la gen de sachè ladan li.



Ouvri sachè a ki genyen ti boutèy la ladan li.



Retire bouchon an.



PA vide likid la. PA bwè.



Mete ti boutèy la kanpe nan ti bwat la.




Chire sak ki gen **aparèy tès la** pou louvri li epi retire li. PA touche tanpon plat la ak dwèt ou. PA manje oswa bwè prezèvatif la.



Byen peze epi pase pati ki plat la sou jansiv anlè bouch ou yon fwa – tankou ou wè nan premye foto a. Aprè sa fè menm bagay ak jansiv anba – tankou ou wè li nan dezèm foto a.



Foure pati ki plat la nan boutèy la pou li rive anba boutèy la.



Kite li nan boutèy la pandan 20 MINIT anvan ou li rezulta yo. Fòk ou li rezulta yo apre 20 minit men pa plis ke 40 minit – rezulta yo pa bon apre 40 minit.



20 minit



Tann



Li

KOMAN POU W KONPRANN REZILTA YO



Li rezulta tès la yon kote ki byen klere

LE REZILTA YO POZITIF POU VIH



Si gen de (2) liy konplè, menm si koulè liy nan pal, sa vle di ou ka SEWOPOTIF epi ou ka bezwen fè plis tès.



Pa pèdi tan ...

Ale nan sant sante ki pre lakay ou a epi mande doktè oubyen mis la pou fè yon tès VIH pou ou.

LE TES LA PA BYEN MACHE



Lè ou pa wè yon liy bò kote "C" a (menm si ou wè yon liy bò kote "T" a), oubyen ou pa li tès la paske tout bagay wouj, ou ka konnen tès la pa byen mache epi fòk ou fè tès la ankò ak yon lòt aparèy.
Ou pa ka sèvi ak menm aparèy la ankò, ou bezwen jwenn yon lòt.




Tès la pa byen mache.

Ale wè doktè oubyen mis nan sant sante ki pre prew la a epi mande pou yon tès VIH.

LE OU PA GENYEN VIH

SI OU LI REZILTA ANVAN 20 MINIT, GENYEN CHANS POU LI PA BA OU BON REZILTA




Si ou wè yon liy bò kote "C" a epi pa genyen liy bò kote "T" a, ou konnen ou pa gen VIH.



Fè yon tès VIH tanzantan. Si ou panse ou te nan yon sitiasyon kote ou te ka pran VIH, ou met fè tès la ankò apre 3 mwa.

KIJAN POU OU JETE L

Retire tès la, mete bouchon sou ti boutèy la epi jete tout bagay yo nan fatra.



ENFOMASYON SOU PWODUI A

REF 5X4-1000, 5X4-1001, 5X4-2001

Pou Itilize Deyò Etazini Sèlman Pou fè Tès Dyagnostik nan nan Epwouvet • Itilize Yon Sèl Fwa

REZON YO ITILIZE TÈS SA A

Tès VIH OraQuick® la se yon aparèy medikal dyagnostik nan epwouvet (in-vitro diagnostic medical device, IVD) moun bay tèt yo pou teste antikò pou VIH-1 ak VIH-2 nan likid bouch. Rezon yo itilize tès sa a se pou ede detekte antikò pou VIH-1 ak VIH-2 sou moun ki enfekte.

REZIME TÈS LA

Tès VIH OraQuick® la se yon imino-eze kalitatif yo itilize yon sèl fwa pou detekte antikò pou Virus l'minodefisysans Imen Tip 1 (VIH-1) ak Tip 2 (VIH-2) nan likid bouch. Tès VIH OraQuick® la se yon tès nènpòt moun ki pa gen konesans medikal kapab itilize sou tèt li pou ede dyagnostike enfeksyon ak VIH-1 ak VIH-2. Yo mete aparèy la nan bouch yo, pou tanpon plat la kapab ant jou yo ak jansiv deyò yo, epi yo pase li atravè li jansiv deyò a. Apresa yo mete aparèy la nan yon tib ki gen yon kantite solisyon yo te mezire davans. Likid ki soti nan sifas jansiv la antre nan aparèy la atravè tanpon plat la, apresa li koule nan yon bann tès. Pandan l ap koule atravè bann nan, yon liy an koulè fòme nan zòn 'T' (tès) fenèt rezulta a si yo detekte antikò. Si yo pa detekte okenn antikò VIH, p ap gen okenn liy ki fòme. Si tès la fèt kòrèkteman, yon liy nan zòn 'C' fenèt rezulta a ap fòme. Sa a rele liy kontwòl la.

PÈFÒMANS TÈS LA

Nan yon etid klinik, 900 moun ki pa te konnen si yo te gen VIH , te resevwa Tès VIH OraQuick® la pou itilize pou kont yo. Yo te konpare rezulta tès yo ak yon lòt tès laboratwa 4yèm jenerasyon. Rezulta tès laboratwa sila yo te montre 153 moun VIH pozitif, epi 724 moun VIH negatif. Yo te retire sèt (7) moun nan etid la.

Nan liy piba yo se komparezon rezulta yo:

- 99.4% nan moun yo (152 sou 153) te bay rezulta pozitif yo a kòrèkteman. Sa vle di 1 moun sou 153 ki nfekte ak VIH bay yon rezulta tès negatif. Yo rele sa yon fo negatif.
- 99.0% nan moun yo (717 sou 724) te bay rezulta negatif yo a kòrèkteman. Sa vle di 7 moun nan 724 ki pa nfekte ak VIH te bay yon rezulta tès pozitif. Yo rele sa yon fo pozitif.
- Anplis, 1.8% nan pasyan etid la (16 moun sou 900) pa te jwenn yon rezulta pou tès yo a.

SA KI NAN KIT LA

- Yon kit nan yon ti sak ki gen:
 - Sak Divizé (5X4-004) ak yon Aparèy Tès pou itilize yon sèl fwa, Prezévatif ak yon Flakon Solisyon Developé
 - Bann Tès la
 - Enstriksyon sou Fason pou Pran Tès la

Lòt bagay w ap bezwen men ki pa nan kit la: Revèy, mont, oswa aparèy pou kontwole tan

AVÈTISMAN AK PREKOSYON

- Piò moun gen yon ti kè soti lè y ap pran yon tès VIH. Men, si w gen gwo kè sote pou tès la ou pral pran an, li t ap pi bon si ou tann jiskaske ou kalme w pou w pran li, oswa al fè tès la kay doktè ou oswa nan klinik nan zòn ou a.
- PA fè tès la si ou deja sewopozitif.
- Itilize ak likid nan bouch la sèlman. Ou pa sipoze itilize tès la ak san, sewòm, lèt tete, plasma, espèm, pipi, likid nan vajen oswa swe.
- PA manje oswa bwè pou omwen 15 minit avan ou kòmanse tès la.
- PA itilize pwodwi pou netwaye bouch (tankou rensbouch) pou omwen 30 minit avan ou kòmanse tès la.
- Retire bagay pou dan tankou fo dan oswa nènpòt lòt bagay ki kouvri jansiv ou avan ou kolekte likid bouch la.
- Si li dekachete oswa si nènpòt bagay ki nan pake a manke, kraze, oswa louvri, pa itilize tès sa a.
- Si dat jodiya se apre dat pou 'Itilize Avan' ki deyò sak la, pa itilize tès sa a.
- Moun yo k ap pran tès la dwe gen bon ekleraj pou wè rezulta tès la. Si ou wè de (2) liy prezan nan zòn ki make "T" ak "C" sou Aparèy Tès la, kit li fèb oswa li fò, sa vle di rezulta a positif.
- PA louvri okenn nan sak yo jiskaske ou pare pou kòmanse tès ou a.
- PA fè tès la si ou te deja pran kontak ak pwodwi pou netwaye kay (tankou klowòks).
- Si w te patisipe nan yon rechèch klinik pou yon vaksen VIH, ou ka gen yon rezulta pozitif lè ou pran tès sa a, men sa gendwa pa vle di ou gen enfeksyon VIH la. Ou dwa al chèche swen kay doktè ou.
- Piga ou fè tès sa a si ou gen laj 11 zan oubyen pi piti.

30 °C FASON POU KONSEVÈ TÈS LA

- Konsève epi fè tès sa a yon kote ki fre.
- PA sèvi ak tès sa a si ou te konsève li deyò tanperati akseptab la ki se ant 2° ak 30° C (36° ak 86° F).
- Tès sa a dwe fèt nan yon tanperati ant 5° ak 37° C (59° ak 99° F).

LIMIT TÈS LA

- Se pou ou pran san w pou swiv Enstriksyon sou Fason pou Pran Tès nan kit Tès VIH OraQuick® la pou w ka jwenn yon bon rezulta.
- Si ou sou tretman VIH (ARV), ou ka jwenn yon fo rezulta.
- Si ou pozitif pou HVB, HCV, oswa HTLV (I/II), ou ka jwenn yon fo rezulta.
- Si w ap senyen nan bouch rezulta ou a ka pa valid. Si rezulta tès la pa valid, ale nan sant tès oswa klinik sante ki pi pre ou a.
- Nou poko kolekte done klinik pou demontre kijan Tès VIH OraQuick® la travay ak moun ki ap resevwa PrEP yo.
- Tès VIH OraQuick® la pa gendwa pa detekte enfeksyon VIH yon moun te pran nan 3 dènye mwa yo.
- Pou yon rezulta pozitif, nivo koulè liy tès la pa nesesèman reprezante kantite antikò ki nan echantion an.
- Si ou gen yon rezulta pozitif ou ta dwe verifye li ak yon lòt tès avèk yon pwofesyonèl fòme pou konfime yon dyagnostik VIH.

KESYON AK REPOS

1. Kisa tès la fè?

Tès VIH OraQuick® la yon aparèy medikal dyagnostik nan epwouvet pou VIH (VIH-1 ak VIH-2) nan likid bouch ou ka bay tèt ou. Tès sa a detekte antikò natirèl kò ou ki ede ou batay kont enfeksyon. Si ou gen yon rezulta pozitif sa preliminè epi w ap bezwen fè plis tès nan yon klinik sante pou konfime si rezulta a pozitif vre.

2. Ki yon 'evennman risk' pou VIH ye?

Nènpòt ak aktivite yo ki anba la a se yon evennman risk:

- Sèks (nan vajen, nan bouch oswa nan dèyè) ak plizyè moun
- Sèks ak yon moun ki sewopozitif oswa ou pa konnen si li gen VIH ou pa
- Sèks ant yon gason ak yon lòt gason
- Sèvi ak dwòg illegal sou fòm piki oswa estewoyid
- Pataje sereng
- Fè sèks pou lajan
- Apre yo dyagnostike oswa trete ou pou epatit, tibèkiloz, oswa yon maladi moun pran nan fè sèks tankou sifilis

3. Konbyen jou apre yon evennman risk mwen ka fè tès la?

Ou ka fè tès nènpòt ki lè; si w ap itilize tès sa a avan 3 mwa depi ou te patisipe nan yon evennman risk, epi tès ou a negatif, rezulta ou a kapab pa bon. Ou ta dwe teste ankò 3 mwa apre evennman risk la pou w ka sèten. Ou kapab al teste nan yon klinik tou.

4. Poukisa mwen pa ta dwe mwen sèvi ak tès sa a touswit apre yon evennman risk?

Lè ou te enfekte avèk virus la VIH, kò ou pwodwi antikò natirèl pou eseye goumen kont virus VIH la. Ou ka jwenn antikò sa yo nan likid ki soti nan bouch ou. Li pran kò ou jiska 3 mwa pou fè antikò sa yo nan nivo yo ka detekte avèk tès sa a.

5. Èske tès la kòdjòm?

Nan yon etid klinik, 900 moun ki pa te konnen si yo te gen VIH , te resevwa Tès VIH OraQuick® la pou itilize pou kont yo. Yo te konpare rezulta tès yo ak yon lòt tès laboratwa 4yèm jenerasyon. Rezulta tès laboratwa sila yo te montre 153 moun VIH pozitif, epi 724 moun VIH negatif. Yo te retire sèt (7) moun nan etid la.

Nan liy piba yo se komparezon rezulta yo:

- 99.4% nan moun yo (152 sou 153) te bay rezulta pozitif yo a kòrèkteman. Sa vle di 1 moun sou 153 ki nfekte ak VIH bay yon rezulta tès negatif. Yo rele sa yon fo negatif.
- 99.0% nan moun yo (717 sou 724) te bay rezulta negatif yo a kòrèkteman. Sa vle di 7 moun nan 724 ki pa nfekte ak VIH te bay yon rezulta tès pozitif. Yo rele sa yon fo pozitif.
- Anplis, 1.8% nan pasyan etid la (16 moun sou 900) pa te jwenn yon rezulta pou tès yo a.

6. Èske mwen ka trape VIH si mwen fè tès sa a?

Tès sa a pa gen okenn materyèl oswa virus VIH ki kapab bay moun enfeksyon VIH la.

7. Konbyen fwa yon moun ta dwe pran tès pou VIH?

Si ou poko jamm te teste pou VIH, ou ta dwe fè tès la omwen yon fwa. Si ou fè bagay (evennman risk) ki ka fè ou trape enfeksyon VIH la, ou ta dwe teste omwen yon fwa pa a ne (rekòmandasyon Organizasyon Sante Mondyal).

Si ou santi ou gen plis risk pou w trape enfeksyon VIH la, ou dwe teste regilyèman.

8. Ki sa yon rezulta negatif siyifi?

Yon rezulta negatif vle di tès la pa te detekte okenn antikò; sepandan, li ka pran jiska 3 mwa apre yon evennman risk pou tès la detekte VIH. Si dejà gen omwen 3 mwa depi ou te gen yon evennman risk epi ou te swiv enstriksyon sou fason pou pran tès la ak anpil atansyon, gen anpil chans ou pa gen VIH. Si te gen mwens pase 3 mwa depi ou te gen yon evennman risk, rete tann 3 mwa konplè depi evennman risk la pou pran tès la oswa ale nan klinik sante ou a.

9. Kisa mwen dwe fè si rezulta mwen an negativ?

Si ou pa te gen okenn evennman risk nan 3 mwa ki sot pase yo, epi ou swiv enstriksyon sou fason pou pran tès la ak anpil atansyon, ou ta dwe pran tès la ankò pou w ka sèten li kòrèk. Si ou te gen nènpòt evennman risk nan 3 mwa ki sot pase yo, ou ka nan 'fenèt sewolojik' la. Fenèt sewolojik la se lè yon moun te enfekte avèk VIH, men kò li poko kòmanse fè antikò. Si ou panse ou ka te pran kontak ak VIH nan 3 mwa ki sot pase yo, ou ta dwe repran tès pou VIH la 3 mwa apre nènpòt evennman risk. Si ou kontinye patisipe nan evennman risk ki kapab mete ou nan risk pou trape VIH, ou ta dwe pran tès la regilyèman.

10. Ki sa yon rezulta pozitif siyifi?

Yon rezulta pozitif vle di ou ka gen VIH. W ap bezwen fè plis tès nan yon klinik sante pou konfime rezulta yo.

11. Kisa mwen dwe fè si rezulta mwen an pozitif?

W ap bezwen fè swiv yon klinik sante pou fè plis tès pou konfime rezulta yo. Lè sa a, klinik lokal, doktè, oswa pwofesyonèl swen sante ou pral diskite pwochen etap w ap bezwen pran.

12. Èske mwen kapab jwenn yon 'fo' rezulta negatif ak tès sa a?

Ou kapab jwenn yon 'fo' rezulta negatif pou nènpòt nan rezon sa yo:

- Si ou te patisipe nan yon evennman risk pi piti pase 3 mwa avan ou te pran tès la
- Ou li yon rezulta tès mal epi ou panse li negatif
- Ou pa fè atansyon lè w ap li Enstriksyon sou fason pou pran tès la
- Pa tann 15 minit apre ou fin manje, bwè, oswa 30 minit apre li l sèvi avèk pwodwi pou netwaye bouch avan ou pran tès la
- Ou te resevwa yon vaksen kont VIH
- Ou pase bann nan sou jansiv ou plizyè fwa pandan w ap pran likid nan bouch ou

13. Èske mwen kapab jwenn yon 'fo' rezulta pozitif ak tès sa a?

Ou kapab jwenn yon 'fo' rezulta enkòrèk oswa yon 'fo' rezulta pou nènpòt nan rezon sa yo:

- Ou li yon rezulta tès mal epi ou panse li pozitif
- Ou pa fè atansyon lè w ap li Enstriksyon sou fason pou pran tès la
- Pa tann 15 minit apre ou fin manje, bwè, oswa 30 minit apre li l sèvi avèk pwodwi pou netwaye bouch avan ou pran tès la
- Ou te resevwa yon vaksen kont VIH
- Ou pase bann nan sou jansiv ou plizyè fwa pandan w ap pran likid nan bouch ou

14. Ki kote mwen ka jwenn plis èd oswa swen pou VIH?

Ou ka jwenn plis èd nan yon klinik, doktè, oswa pwofesyonèl swen sante lokal yo.

15. Èske mwen ka itilize tès sa a si mwen pran medikaman pou anpeche VIH (oral PrEP)?

Si w ap pran PrEP oral pou VIH, ou ka jwenn yon fo rezulta.

16. Kijan mwen konnen si tès mwen an ap travay kòrèkteman?

Si tès ou ap travay kòrèkteman ou pral wè yon liy akote "C" a sou aparèy tès ou a. Si pa gen okenn liy akote "C", tès ou a pa te travay kòrèkteman.

17. Èske mwen ka itilize tès sa a si mwen ansemt?

Wi, si w ansent, ou ka fè tès sa a nènpòt ki lè.

SIBSTANS KI KA ENTÈFERÈ AK TÈS LA AK PWOBLEM MEDIKAL KI PA GEN RAPÒ AK LI

Nan etid klinik likid nan bouch la, nou te kolekte enfomasyon nan men patisipan yo konsènan lòt maladi oswa pwoblem sante yo ka gen an menm tan, maladi nan bouch, enfeksyon viral ki pa VIH ak lòt faktè (tankou si yo te itilize pwodwi tabak, rensbouch nan 24 édтан avan yo te pran tès la, yon medikaman, fo dan, ak manje oswa bwason touswit avan yo te pran tès la). Nan yon etid separate ak 40 moun, patisipan ki pi yon fo rezulta. Si ou pozitif pou HVB, HCV, oswa HTLV (I/II), ou ka jwenn yon fo rezulta. Nou rekòmande moun k ap fè tès la tann 15 minit apre yon fo rezulta. Ou kapab al teste nan yon klinik tou.

EKSPLIKASYON SENBOL YO

LOT	Kòd Pake a	REF	Nimewo Katalòg		Atansyon, Gade nan Dokiman ki Vini ak li yo		Gade nan enstriksyon sou Fason pou Pran Tès la
	Itilize Yon Sèl Fwa	IVD	Aparèy Medikal pou Dyagnostik Nan Epwouvet		Fabrikatè		Dat Ekspirasyon
	Limit sou Tanperati		Itilize Avan				Dat Fabrikasyon